RARATAN JEUNG WARUGA NASKAH

A . Raratan Naskah

Judul naskah	: Ki Samaun
Panulis	: Teu dipikanyaho
Nu boga naskah	: Ma Engkan (45 th) Kp. Dangur, Cisewu, Garut

B. Waruga Naskah

Ukuran naskah	: 15,5 x 20,5 cm
Ruang tulis	: 14,5 x 19 cm
Kaayaan naskah	: Lusuh
Jumlah kaca	: (Wedelna 69 kaca, tapi nu aya ngan 60 kaca: ti kaca 7 nepi ka kaca 66. Kaca nu leungit: bagian hareup 6 kaca, bagian tukang 3 kaca)

Jumlah ajaran	
Tiap kaca	: 13 jajar
Basa	: Sunda
Aksara	: Pegon
Ukuran aksara	: Galede
Wangun aksara	: Baruleud
Tapak kalam	: Sedeng
Warna mangsi	: Hideung, beureum
Warna kertas	: Kuleuheu
Jenis kertas	: Kandel
Tulisan	: Jelas (lancar dibaca)
Wangun karangan	: Puisi (ugeran)

HASIL TRANSKRIPSI NASKAH

(1) ….
//Kangeng Nabi
ngucapkeun lailaha illallahu muhammadarosulullah
kabeh bareng dahar
barjumaah bawaning keur suka ati
Nabi. teh ngersakeun tuwang

(2) Ki Samaun dilahun ku Nabi
diciuman antara socana
bari ngaos bae
waktuna eukeur ngalahun
Malaikat Jabrail sumping
matur ka Rosulullah
eh Kangjeng Rosul
bakal tulung gede pisan
iyeu budak alamat mise sakapir
Ki Samaun kasamaran
2. Pupuh Asmarandana

(3) Kanjeng Nabi lajeng mulih
ti Ki Halid ka bumina
lewas-lewas Samaun teh
umurna geus genep bulanan
ari pikuateunana
nanding genep belas tahun
mashur sanagara Mekah

(4) Ari dina mangsa hiji
aya nu karep ngalad
sahiji menak gegeden
ngaran Raden Abu jaha1
menak nagara Mekah
sumping ka latar Samaun Abu Jahal dek ngalayad

(5) Ku Samaun ditingali
Samaun tuluy sosowak
Ka eta menak gegeden
lamun di pareng ku Allah
nyaeta sateru dowang .teh
sia ku sing dibunuh
tangkurak sia teh bencar

(6) Sia teh modar // ku aing
Abu Jahal tuluy lumpat-lumpat skalumpat
lampet tuluy ka Patih Sarakah
ari Patih Sarakah teh
geus mashur yen gagah pamuk
Abu pek bebeja

(7) Ayeuna Sarakah kami
manggih budak dek maehan
kami kakara ngadenge
eta budak bakal jadi baturna Ki Muhammad
Patih Sarakahku atuh
urang pihadeeunana

(8) Ki Sarakah matur deui
teu aya ngan urang.kumpulan
balad kabeh peuting engke
hiji perkawis Muhammad
kadua perkawis budak
ku gamparan pundut sanggup
ieu perkawis kacida

(9) Abu Jahal ngawalon deui
ayeuna Patih Sarakah
ati kami rupek bae
asa aremek satulang
jeung tambah beurat kacida
eta manggih budak kitu
boa aya alamatna

(10) Mangsa harita reup peuting
Abu Jahal miwarangan
ngumpulkeun baladna kabeh
sakabeh geus pada datang
ka payuneun Abu Jahal
Pátih Sarakah ngadawuh
ayeuna ieu sadaya

(11) Dipenta sanggup ku kami
perkara Nabi Muhammad
henteu anut ka gegeden
lampah so teu pantes tea
ngakukeun Nabi gegeden
//ratu sajagat dua aya budak. kitu
bisi aya alamatna

(12) Ayeuna kabeh ku kami
dipenta ojah nu enya
eta timbalan gegeden
tuluy ngaJawab sadayana
kuring mah susah kacida
dipaehan moal sanggup
Muhammad sok bisa sulap

(13) Medak asup omong kuring
kumaha mun miwarangan
menta tulung ka gegeden
aya nu gagah perkosa
di nagara Iskandar
eta mah istuning pamuk
jenengan pun Raja Kingwan

(14) Urang pada hatur bakti
sadaya ka Raja Kingwan
wantu2 ka gegeden
naon pipanteseunana
urang teh seba ka raja
balad ngajawab ka batur
eta mah geus leres pisan

(15) Da urang teh hanteu miskin
sagala di urang aya
onta gede kuda gede
bigal papakean urang aya
geus rempug sadayana
tuluy kabeh pada sanggup
lamun kitu petana mah

(16) Tuluy ngiangkeun sahiji
jalma ngaran Ki Iswan
indit ti Mekah ti Kures
kocap datang ka Iskandar
Raja Kingwan kasampak
linggih di babancong kumpul
nyampak anu ngadeuheusan

(17) Ki :Iswan geus katingali
Raja Kingwan mariksa
//jalma ti mana ieu teh
dek naon datang ka urang
Ki Iswan tuluy haturan
sim abdi aya piunjuk
tapi rasiah kacida

(18) Puruwa ngadeuheus ka gusti
dipiwarang ku ti Mekah
sareng urang Kurea kabeh
ngahaturan ka gamparan
Raja Kingwan teh ngajawab
naha naon nya kabingung
naon pikareuwaseunana

(19) Sumuhun pariksa gusti
dipiwarang ku ti Mekah
sareng urang Kures kabeh
mana muntang ka gamparan
pangmedangkeun Ki Muhammad
kitu abdi nya pihatur
sapuruwa bijil ti Mekah

3. Pupuh Mijil

(20) Raja Kingwan ngawelon deui dek muruhan naon
Ki Muhammad lamun geus paeh
Ki Iswan haturan deui
ngabuktikeun sapi 1obana saratus

(21) Onta beureum saratus siki
ayeuna geus ,jogo
reujeung bigal saratus nu gede
saratus kastori seungit
jeung sapuluh isteri
jeung kuda saratus

(22) Reujeung kapur saratus kati
ayeuna geus jogo
jeung saratus pangadeg pake
sapuluh budak lalaki
tambah deui dinar deui
uwang emas sarebu

(23) Raja.Kingwan ngawalon deui l
liwat langkung atoh
Iswan hayu ka //imah dewek
memeh indit dahar ngopi
geus parantos tuluy Ki Iswan ngiring
di burni disuguh2

(24) Raja Kingwan jeung Iswan biji1
dahar geu parantos
Raja Kingwan jejelukan bae

kadieukeun kuda aing
panakawan indit
kudana ditungtun

(25) Raja Kingwan jeung Iswan indit
ka Mekah geus leos
Raa Kingwan geus peuyi bae
kana kebon anu suni
Raja Kingwan cicing
dina kebon nyumput

(26) Tina kebon Ki Iswan bijil
tuluy ka pakuwon
nguningakeun sumping gegeden
ka Abu Jahal pupulih
ayeuna teh gusti
Raja Kingwan itu

(27) Abu Jahal ngawalon deui
ulah waka cek-cok
masing linggih di kebon bae
mangke ari geus peuting
haturana.Iinggih
urang hurmat suguh2

(26) Raja Kingwan ari geus peuting
tuluy ka pakuwon
ka Patih Sarakah bae
Samaun pulang ti Nabi
dek milih ka bumi
peuting pupul tujuh

(29) Ki Semaun barang dek mulih
Raja Kingwan nembong
Raja Kingwan keur cicing bae
Dina lawang Raden Patih patih
pantona disosi
pek digedrug2

(30) Raa Kingwan jejeluk ka patih
Ki Iswan geus nyaho
kana //sora Raja Kingwan
palajurit kabeh arindit
pada mukakeun sosi
Raja Kingwan asup

(31) Raja Kingwan geus dina korsi
kabeh sami pada atoh
dihurmat dihade2
tuluy Abu Jahal badami
raja geus putus badami
Raja Kingwan .sanggup

(32) Balad kapir barungah ati
nabi bakal kojor
ayeuna mah urang gede hate bae
datang gegeden barani
jeung saha nu wani
musuh mah geura dur

4. pupuh Durma

(33) Raja Kingwan neangan Muhammad
ngotektak bareng jeung patih
pirang2 lilana
ider2ran di Mekah
liwat langkung nya barani
purah rurmpak
jeung cadu aya nu mahi

(34) Jangkung luhur umabang pangabaranna
jeung dudupakna tarik
dadana buluwan
jeung leuwih heuras bitisna
Lampahna lir oray laki
dina semuna geus moal aya kainggis

(35) Ki Samaun keur ulin jeung sahabatna
Raja Kingwan katingali
segut bisa tumpak kuda
nanya Samaun ka baturna
itu nyaho silaing
saha ngaran
segutna kacida teuing

(36) Tuluy walon kuring maanggih kakara
Raden Samaun ngawalon deui insa //Allah pisan
eta jalma mangke modar
tatapi ayeuna kami ka imah heula
teunanggnna kaliwat saking

(37) Ki Samaun di imahna dadaharan
karek sahuap geus indit
tuluy kana jalan
pijalaneun Raja Kingwan
Raja Kingwan kapanggih amprok di ja1an
Raden Samaun mawa encis

(38) Pedang pondok dihompet dina kelekna
Raja Kingwan ngaginding
lar ka hareupeunana
ku Samaun pek ditanya
dek kamana sia kapir
urang Iskandar
Raja Kingwan keuras ma1ik

(39) Bagimana lu barani mulut sekarang
detmau sakalih
hal kapada gua
Samaun tuluy ngajawab
sia teh di paman aing
di Patih Sarakah
geuning sia molor ti peuting

(40) Raja Kingwan kerepna mah dek nyasaak
pedang Samaun bijil
buk-bek sek dipedarig buk-bek beuheungna rebah
kana walikatna tepi dadana rebah
ngajoperak dina getih

(41) Ki Samaun tuluy mulih ka bumina
ka ibuna pupulih

ibu kuring medang jalma
maehan ureng Iskandar
ibuna ngawalon deui
geus montong susah
eta mah ngamusuh nabi

(42) Montong sieun da ditulungan ku Allah
sabab eta mah kapir
tuluy //aya bejana
yen Ki Samaun maehan
pada datang kapir2
kabeh pada nareangan
tuha anom kaeh arindit

5. Pupuh Sinom

(43) Kapir2 kabeh pada budal
diutus Raden Fatih
pada neangan Raja Kingwan
barang jol sidik geus mati
pada ngali taneuh cuk-cek
ulah dek diruang jauh
marih hanteu kanyahoan
geus tutup ngaruang
balik di imahna pada nangkeup tuur susah

(44) Tuluy pada nyieun akal
menta hukuman ka Nabi
jalma opat puluh pada ngadeuheusan
sakur jalma beunang milih
nu bisa ngomong binangkit

marih bendu ka Samaun
Kangjeng Nabi pek mariksa
dek naon pada sarumping
opat puluh ka Nabi tuluy haturan

(45) Nguningakeun hiji semah
urang Iskandar lalaki
ku Samaun dipaehan
ku sadaya teu kaharti
teu aya dosana nu misti
urang Kures kabeh bendu
maehan teu kalawan hak
naha geus idin ti Kangjeng Nabi
nu matak nguninga ka Rosulullah

(46) Kangjeng Nabi teu ngajawab
bawaning hanjakal teuing
Samaun aya bangkawarah
matak jadi //risi kami
Kangjeng Nabi ngutus jalma hiji
ngaran Ki bilala nyaur Samaun
Ki bilala ngageuwat iyang
ka Samaun enggeus tepi
Bilala ngomong2 disaur aya perkara

(47) Samaun ngageuwat dangdan
mawa pedang mawa encis
lir macan dek moro domba
tuluy ngadeuheus ka Nabi
Samaun maca aslamu
aleka ya Rosulullah
pek mariksa Kangjeng Nabi

eh Samaun eh Samaun
ka maneh saha nu nitah

(48) Goreng temen laku lampah
maneh maehan lalaki
jalma hanteu boga dosa
kami teh hanyakal teuing
Samaun ngawalon deui
eh nuhun pisan Kangjeng Rosul
kutan gusti uninga
kana laku lampah kuring
kamanahna maehan nu teu aya dosa

(49) Sumping utusan Pangeran
Malaikat Jabrail
kapayuneun Rasululloh
tuluy matur Jabrail
eh saderek kaula Nabi
timbalan Gusti Yang Agung
Samaun teu nganisya
semah anu goreng ati.
eta semah dek maehan ka sampean

(50) Urang Kures teh muruhan
asal paeh bae Nabi
kadangu ku Rasulullah
sapihaturna Jabrail
tu//luy saur Kangjeng Nabi
sosowakna teh kutan kitu
urang Kures kukumpulan
dek nganiaya ka aing

mun teu nyaho jalma nu sok nganiaya

(51) Teu meunang pitulung Allah
Samaun bendu ka Nabi
tuluy Ki Samaun haturan
lamun niat abdi gusti
sarta idin Kangjeng Nabi
sumangga abdi dek ngamuk
kabeh sanagara Mekah
najan Madinah beresih
Islam kapir kabeh beak bebas paburisat

(52) Tapi teu kaduga ku sabab sieun Kangjeng Nabi
ari teu aya dosana mah
sarta teu rempag jeung dalili
Kangjeng Nabi ngawalon deui
eh Samaun ulah rusuh
Ki Samaun hanteu salah
geus tetela ti Jabrail
eta kapir2 kabeh
karepna dek megat urang

6. Pupuh Magatru

(53) Sariggeus putus Raja Kingwan nu buburuh
Abu Jahal sengit ati
ayeuna mah montong kitu
karuwas-harewos leutik
katembong geus katembog

(54) Abu Jahal arnarahna ngagugudug

budak bangkawarah teuing
tayoh bakal jadi palung
ngawarah maneh cilimit
indung bapa handap asor

(55) Lain bakal melang ka bapa ka //indung
matak sangar di nagara
lamun teu dipeuncit birigung
nalaktak diajar wani
dipodaran matak naon

(56) Abu Jahal nyaur sardadu2
di latar heurin usik
sarebu jeung dua ratus
hiji jalma kuda hiji
Abu Jahal ngomong sentor

(57) Ayeuna teh maneh sardadu2
rug2 anak Si Halid
aing teh kacida giruk
bet aya budak cilimit
beunangkeun masingna kojor

(58) Batur maneh kudu dibagi tilu
nu opat ratus nya cicing
ngepung di lembur Samaun
anu opat ratus deui
dina parantina mentog

(59) Ari anu opat ratus deui
kudu di pasar nya cicirig

ulah papisah jeung batur
lamun beunang cacag sik2
aing teh bet abong2

(60) Satimbalan Abu Jahal kabeh nurut
Samaun euweuh di bumi
keur marek di Kangjeng Rasul
tuluy amit rek ka bumi
datang ka bumina tenjo

(61) Aya jalma tumpak kuda opat ratus
ngepung sakuriling bungking
ayeuna sia Samaun
ku aing bakal disik2
ibuna ti bumi melong

(62) Sia dina poe ayeuna Samaun
geus moal salamet diri
ka saha nya menta tulung
Samaun nga//jawab wani
eh tulung teh ka Yang Manon

(63) Ki Samaun sebret pedang buk-bek ngemuk
opat ratus ngamuk deui
buk-bek pedang geus teu puguh
si kapir buk-bek sek mati tilu ratus nu ngalonjor

(64) Nu hirup tinggal saratus bur kabur
ibuna ningali ti bumi
mayak bangke tilu ratus
saur ibu dina ati

da geus kersaning Yang Manon

(65) Ki Samaun ka bumina tuluy asup
pek sujud sakur ti peuting
ari dina waktu subuh
ngadeuheus deui ka Nabi
jalanna ka pasar jogjerog

(66) Bareng datang beh opat ratus
ngepung sakuriling bungking
pada nanya ka Samaun
tah geuning anak Si Halid
dek kamana sia mantog

(67) Ki Samaun jawab ka nu opat ratus
sia teh nanya ka aing
aing teh hayang ngagempur
Samaun lunanti makan

7. Pupuh Kinanti

(68) Aya hiji kaomasur
ngaran Náim palajurit
tuluy maju pangheulana
nyingsieunan birigidig
Samaun sia cilaka
nya aing ngaran Ki Naim

(69) Ki Samaun teu barang gugu
buk-bek ngamuk ka Ki Naim
ngamuk soteh leuleutikan

di//kadek luhureun birit
bek dipindo jadi duwa
buk-bek ngmuk ka nu sejen deui

(70) Buk-bek ngamuk meunang saratus
punju1 hiji jeung Ki Naim
nu sawareh paburisat
Ki Samaun tuluy deui
mancat kana bumi haram
beh manggih jalma andihi

(71) Jangkung luhur tarik tumbuk
tapi tuluy lumpat tarik
berebet ka bumi haram
ku Samaun teh diberik
kasusul. palebah lawang
jeung lebah panto katepi

(72) Bek dipedang ku Samaun
bawaning ku ngadek tarik .
jalma joperak pento bencar
si kapir patingbiribit
hanteu kanyahoan losna
teu aya nu tanggoh sahiji

(73) Samaun ngamuk geus tutup
tuluy ngadeuheus ka Nabi
dua tilu poe nyaba
ka pasar sejana ulin
papangih jeung Abu Jahal
sorangan di pasar cicing

(74) Abu Jahal ka Samaun
nanya semu amie budi
Samaun ka awak urang
jadi pitulung teh teuing
biasa nempuh jalma loba
urang kures henteu mahi

(75) Tuluy ngajawab Ki Samaun
eh kadeuleu ngan saeutik
apes laip sarta hina
kuderating//Rabul Alamin
katenjo ku silaing mah
tayoh loba cek silaing

(76) Abu Jahal tuluy ngawangsul
teu beda jeung tingkah kami
Samaun tuluy ngajawab
mentong lolos omong teuing
anak silaing dek dipenta ku dewek arek dikawin

(77) Ayeuna dewek dek asup
ka jero imah silaing
Abu Jahal teu ngajawab
latam-letem leos balik
teu aya untupan ngalawan
Ki Samaun tuluy balik

(78) Di imahna Ki Samaun
mikir meunang puteri
supaya anut agama

dua tilu poe deui
di Pakuwon Abu Jahal
aya nu rendengan kawin

(79) Awewe di Kures kumpul
anu gede anu leutik
marake maridang2
ari reup waktu geus peuting
Samaun sare sakedap
tengah peuting tuluy indit

(80) Ka imahna Abu Jahal asup
dina panto aya isteri
keur nantung sorangan pisan
keur ngantosan lalaki
anu hayangeun ka manehna
ka Raden Samaun ningali

(81) Isteri nanya ka Samaun
saha iyeu teh lalaki
nya anom nya kasep nya hade rupa
ka diyeu bageya teuing
leungen Samaun ditewak
//dibawa asup ka bumi

(82) Tuluy ngandika Samaun
isteri kami mere harti
Gusti Allah teu ngahampura
ka awewe ka lalaki
lamun ngalampahkeun jinah
Samaun mucung budi

8. Pupuh Pucung

(83) Awewe teh matur ka Raden Samaun
kutan hidep Islam
ka Muhammad agama teh
jawab Samaun anca heula Islam

(84) Nya kaula nu ngaran Samaun
anak Halid tea
kaula incu Walid teh
manjing Islam awewe maca sahadat

(85) Ashaduanla Ilaha Ilallahu
washaduanna Muhammad
darosu1ullah
macana teh miceun kapir manjing Islam

(86) Tuluy naros isteri ka: Raden Samaun
ayeuna sampean teh
ka saha pikersaeun teh
cek Samaun dek nyokot anak Abu Jahal

(87) Awewe teh kana pajuwaran asup
Samaun ngantosan
dina lawang panto bae
tepang peuting keur meujeuhna raramean

(88) Barang tepi kana pajuwaran asup
puteri teh kasampak
dina katil eukeur sare
teu jeung simbut teu jeung samak

(89) Ku awewe teh puteri tuluy dirangkul
tina katil tea
dikaleng//dibawa ka panto
disodorkeun ku Samaun pek ditampa

(90) Tuluy matur ayi puteri ka Raden Samaun
eh wang anom
bujeng kuring pangnedakeun bae
muga2 Gusti Allah ngahampura

(91) Mugi2 Gusti Allah anu Agung
maparinan rahmat
puteri manjing Islam bae
anut agama maca sahadat

(.92)... Ashaduanla Ilaha Ilallahu
waashaduanna Muhammad
darosulullah
macana teh isteri dua ku Samaun dibawa

(93) Barang tepi ka bumina ku ibuna ditingali
ibuna herendeg bae
maca lehaola walakuwata

(94) Biliahil aliyil adhim
eh Samaun naon kitu peta
eta pagawean goreng
Ki Samaun tuluy ngawalonan ka ibuna

(95) Ibu ieu isteri dua teh purun

sukana sorangan
teu dipaksa ku kuring teh
manjing Islam puteri anak Abu Jahal

(96) Isteri tetep duwa di ibuna Samaun
ari Abu Jahal teh
beak tarekh teh
ti baheula ngakalan Nabi Muhammad

(97) Ekeur bingung ditambah aya Samaun
tapi Abu Jahal teh
dek anut mah embung bae
saturunan anu sepuh anu anom

9. Pupuh snom

(98) Kocap sahiji nagara
gedena kaliwat saking
ngungkulan nagara Mekah
sarta leuwih mashur sugih.
raja hanteu nanding
keur uih kamashur pamuk
lampah ti nagara Mekah
jauhna kaliwat saking
lalampahan kuda onta anu gancang

(99) Di Ja1an, meunang.sabulan
malah punjul tujuh peuting
nagara ka1iwat Jembar
ratu jegud abdi sugih
kaayaanana ka sisi

wantuning nagara punjul.
cacakan nagara lian
kuwat cukup abdi2
bonan kapir kabeh sanagara eta

(100) Ngarah nagara Suara
bopatina raja Kobti
kaagungn sahiji isteri
putera sarta ngan sahiji
geulisna kawanti-wanti
teu aya punjul ti batur
teu aya pisan kakurang
rupa terus kana budi
pangan lemek gumear kantun cahaya

(101) Somear tur landep manah
nya surti bear budi 1enggi (sic!) ramping ayu kuning
buc1i resmi halis leutik
rengkuh alus satimpuh
cacakan anak raja
nv ngalambar balawiri
teu ditampa tacan cop jeung manah rama

(102) Ari dina// mangsa hiji
huleng jentul hanteu bear
semu susah2 teuing
hanteu cara tisasari
unggal poe hela-helu
tara pati barang dahar
ti peuting gawena nyaring
hiji rnangsa tuluy matur ka ibuna

(103) Jeurig ibuna pada duwaan
ibu kuring bet ngimpi
ningali cahaya ruhay
cahaya turun ti langit
nutug kana panon kuring
sarta raong anu nyebut
pok na tuh cahaya Muhammad
geus kitu kuring teh indit
jeung cahaya los ka negeri Madinah

(104) Ari datang ka Madinah
Nabi Muhammad kapanggih
cahayana mancur pisan
anom kasep teu aya tanding
tah kitu impian kuring
naon alamatna ibu
ibuna ngagewat ngawalon
aduh nyai poma teuing
impian ulah dipihatur ka tuwang rama

(105) Impian teu hade pisan
make Muhammad-Muhammdan
ari Muhammad teh nyai
sadaya ge pada ijid
jalma malang mung Iumung.
ngaku2 ratu sa jagat
rama teh girukkeun leuwih
sanggeus kitu Mariah tuluy ka luar

(106) .Siti Mariah geus pias

ti peuting gawena nyaring
ti beurang//teu daek dahar
dumeh geus tetela ngimpi
geus asa beh Kangjeng Nabi
unggal poe hela-helu
hiji mangsa tuluy leumpang
kana tempat anu suni
tuluy nyaur ka sahiji jalma

(107) Siti Mariah miwarangan
ka jalma ngaran Ki Barid
Barid maneh kudu leumpang
ka Madinah beurang peuting
ngadeuheus ka Kangjeng Nabi
kiyai maneh nya pihatur
yen di nagara Suwara
isteri putera raja Kobti
panuhun ku Nabi hayang ditikah

(108) Sarta dek anut agama Rosul
salampahna Kangjeng Nabi
tapi Barid pome2 ka ibu ulah pupulih
ka ama ulah pupulih
bisi ama ibu bendu Ki Barid ngageuwat iyang
ka Mekah ka Kangjeng Nabi
poma ulah rek buka rusiyah

(109) Hanteu kocap di jalanna
kocapkeun bae geus tepi
tuluy ngadeuheus ka Nabi
tuluy nyaur Kangjeng Nabi

ka eta hiji tamu
sampeyan teh ti mana
Ki Barid maturan deui
jisim abdi piwarangan ti Suwara

(110) Purwa abdi ngadeuheusan
diutus ku hiji isteri
jenengan Siti Mariyah//isteri putera raja Kobti
medak2 ka Kangjeng Nabi
aya mariah kaciayu
sejana nyuhunkeun ditikah
Kangjeng Nabi ngawalon deui
Ki tatamu Kaula hanteu kaduga

(111) Da lain bangsa kaula
eta mah bangsa kapir
Ki Barid ganeang haturan
sumuhun da bangsa kapir
tapi da geus paseurah diri
dek anut agama Rosul
seja pisan manjing Islam
Nyi Puteri sejana ngiring
Kangjeng Rosul ngumpulkeun persahabat

(112) Shabat muhajir ansor
para ngawalonan ka Nabi.
lamun petana mah kitu
hayangna kabina-bina
kudu dimanah ku gusti
dikersakeun ditikah sabab geus paserahna

(113) Kumaha bae timbalan
pisangkaneunana jadi
Kangjeng Nabi ngawalonan
kumaha rempugna mumin
sahabat ngawalonan deui
medak2 lamun rempug
kudu miwarang sahabat
ngalambar ka Raja Kobti
Kangjeng Rasul tuluy ngumpulkeun sahabat

(114) Kangjeng Nabi lajeng miwarang sahabat ngalambar
sahabat muhajirin ansor
kabeh pada tumpak kuda
jumlah //salikur mumin
sahabat pada arindit
dek ngalambar putera ratu
di jalanna meunang sabulan
malah punjul tilu peuting
jeung Ki Barid
geus pada datang

(115) Tuluy bae ngadeuheusan
sahabat ka pancaniti
Siti Mariyah kasampak
uninga yen balad Nabi
Siti Mariyah pek cicing sabab hayang ngadangu
pihaturna ki sahabat
sareng Raja Kobti
Raja Kobti bijil ti padaleman

10. Pupuh Mijil

(116) Raja Kobti mariksa ka mumin
Siti Mariyah jongok
urang mana sampeyan teh
kabeh dek naon datang ka kami
tuluy walon mumin
nuhun dawuh ratu

(117) Jisim abdi utusan Nabi
ti Mekah pakuwon
anu matak ngadeuheusan teh
dipiwarang ku Kangjeng Nabi
medakeun ditampi
ku payuneun ratu

(118) Dumeh gusti kagungan putera
Siti Mariyah anom
sugan gusti lumayan bae
pihatureun Kangjeng Nabi
ayeuna putera gusti
sugan aya manah purun

(119) Lamun idin meureun dikawin
sarta jinis nyondong kitu dawuhan Kangjeng //Nabi teh
anu matak jisim abdi
ngadeuheusan ka gusti
abdi kaulanun

(120) Raja Kobti nyarekan ka mumin
sarta bari nyegor2
kutan kitu karep maneh teh

kami hanteu nyana teuing
maneh wani2 menta anak ratu
(121) Muhammad teh kagiruk aing
nu sok olo2
ngakukeun nabi gegeden
hanteu sudi teuing aing
anak ngan sahiji dibikeun ka musuh

(122) Wani2 ka gedong aing
Tarajag-torojog
leuwih ngunghak campelak bae
sok maehan karabat aing
geus mashur ka aing
yen Nabi lampahna sok kitu

(123) Awak aing hanteu kurang duwit
Uwang emas ewan
sarta aing nagara gede
teu aya kasusah saeutik
dek ngarah naon aing
banda ngundung2

(124) Raja Kobti ngambek ka mumin
Siti Mariyah jongok
Siti ngageuwat bae
indit kana tempat nu suni
nyaur Barid bae
Ki Barid geus jebul

(125) Maneh Barid ka Mekah deui
ka Kangjeng Nabi Muhammad

kami. paserah diri
manjing Islam anut
(126) Mumin amit ti Raja Kobti
jeung Ki Barid amperok
//geus sahabat kabeh budal
kira geus tëpi ka Nabi
pasang Raja Kobti
miwarangan sardadu

(127) Raja Kobti neundeun palajurit
kabeh kudu materol
di. jalan ka Mekah bae
lamun aya balad Nabi
sumawonna jinis Nabi
kudu bae bunuh

(128) Kocap mumin ansor muhajir
ka Mekah geus jol
pulang ngalambar ti raja gede
tuluy ngadeuheus ka Nabi
nguningakeun sakali satimbalan ratu

(129) Kangjeng Nabi. ngawelon deui
kajeung montong cek-cok
urang Mekah bisi ngadenge
kabeh meureun pada seuri
nyeungseurikeun kami
ngalambar teu asup

(130) Agus Barid haturan deui
adab handap asor

gusti Rasul
putera raja teh
baka1 nalangsaeun teuing
hayang ulah pisah diri
jeng Kangjeng Rasul

(131) Kanjeng Nabi ngandika deui
ka Ki Barid walon
kaula teh moal bae
sabab hanteu idin
Kangjeng Nabi lajeng mulih
ka bumina tuluy asup

(132) Siti Aisah gareuha Kangjeng Nabi
tuluy matur nyegog
Kangjeng Nabi sampeyan teh
kakasih Rabul alamin
larnun hante ngawin
hina liwat langkung

(133) //Urang Mekah sok tada teuing
meureun pada ngomong
gusti Rasul geus leutik hate
abong2 leutik duwit
jadi cacad diri
kasamaan laku

11. Pupuh Asmarandaria

(134) Kangjeng Nabi ngawalon deui
kajeun teuing di dunya mah

kami teh wiwirang oge
dipoyok suka pisan
ngeun ulah di aherat
sabab Gusti Rabul Gopur
hanteu miwarang peperang

(135) Sabab lamun indit
perang jalanna ngalambar
jaga teh di aherat
dipoyok ku malaikat
Nabi Muhammad peperang
jalanna ngalambar teu asup
lain jalan nitah Islam

(136) Lami.rn Gusti Allah idin
kami kitu laku lampah kami meureun indit bae
perang jalanna ngalambar
ka nagara Suwara .
barang eukeur ngalahir kitu
jol sahabat muhajir ansor

(137) Ti Mekah pada arindit
budal kabeh ka Madinah
tilu poe gawena ngan rerempugan
hiji ngaran Ki Harab
sanggeus kabeh pada ngumpul
Ki Harab nangtung di tengah

(138) Seug matur ka Baganali
eh Sayid Ali Murtado
ayeuna gusti Rasul teh

/ /gusti urang sare2a
nu wajib dikaulaan
Sayid Ali tuluy ngawangsuI
naha kumaha petana

(139) Ki Harab ngawalon deui
kapan gusti Rasulullah
ngalambar ka raja gede
beak2 nya dihina
ku bopatina Suwara
ayeuna manawi rempug
urang meunangkeun ku urang

(140) Urang sanggakeun ka Nabi
urang teh sabudi akal
hayu urang rurug bae
beunangkeun Siti Mariyah
ka nagara Suwara
sakabeh geus pada rempug
kabeh para sarumpah

(141) Ari kapalane mumin
sakur nu gagah perkosa
jumlah aya salawe
sarta nu lemes rupana
nu gede ibadahna
sakur mumin anu pamuk
kabeh pada silih sumpah

(142) Hiji Harab duwa Halid
tilu Saad opat Said

Lima Malik genep Juber
tujuh Sead putera Wakob
dalapan Raden Abdullah
salapan Raden Samaun
sapuluh Ali Murtado

(143) Eta anu sakitu mumin
kabeh pada silih sumpah
Gusti Allah ngadawuhan deui
miwarangan malaikat
ayeuna masing sadiya
Jabrail mawa rahayu
ka Muhammad Rasulullah

(144) Ma1aikt Jabrail
matur ka Nabi Muhammad
//eh saderek tuwan Nabi
Pangeran geus ngidinan
sampeyan teh geura angkat
sabab sahabat geus kumpul
kabeh pada silih sumpah

(145) Malaikat Jabrail
sanggeus maparinan warta
Kangjeng Nabi angkat bae
ngajak ka Siti Aisah
hayu Siti Aisah
haturan manah teh asup
bakal meunang ganjaran

(146) Pangerari bakal maparin

ka Nyai Siti Aisah
malikeun nu leuwih aheng
socana nu leuwih bodas
jaga teh cai di sawarega
moal aya nu sapatut
malige flu leuwih aheng

(147) Moal aya jalma hiji
nu cara Siti Aisah
Kangjeng Nabi angkat bae
ti mekah muru Madinah
sareng Siti Aisah
di jalanna teu kacatur
Aisah pungkureunana

12. Pupuh Pangkur

(148) Kangjeng Nabi lajeng angkat
nyampeurkeun sahabat mumin
sahabat pada narangtung
ningali ka. Rasulullah
pada matur sahabat ka Kangjeng Rasul
gusti dek angkat kamana
geura marulih ka bumi

(149) Gusti Rasul ngawalonen
kami mah ayeuna moal balik
sabab timbalan Yang Agung
ayeune teh kudu budal
jeung sahabat ka Suwara
dek ngarurug

Kangjeng Nabi saur Bilala
ngumpulkeun antara mumin

(150) Bilala kabeh balad2
ayeuna jogokeun hareupeun kami
teu kungsi lila murudul
sanagara Madinah
jeung wewe kolot budak kabeh kumpul
ku sabab ngadenge sumpah
tina lapad Quranuladim

(151) Pads sumah ragrag tolak
lamun hanteu perang jeung Raja Kobti
awewe pada murudul
pda tarumpak kuda
sa1akina pada naros ka Kangjeng Rasul
naha bet awewe udal
Kangjeng Nabi walon deui

(152) Kapan maneh pada sumpah
tina Quran jeung râgrag talak sahiji
sakabeh geus pada kumpul
Kangjeng Nabi bari nimbalan
masang bandera jeung nambeuh tambur
budal kabeh ka suwara
ngarugrug ka Raja Kobti

(153) Ti Madinah ka Suwara
lalampahan sabulan tujuh peuting
pangandika Kangjeng Rasul
saha jalma anu terang

di jalanna aya hiji jalma nangtung
abdi geus terang pisan
ka nagara Raja Kobti

(154) Aran Ki. Delili ti heula
anu salaksa dua rebu pandeuri
turun gunung unggah gunung
hanteu kocap di jalanna
kocapkeun bae ti nagara Mekah geus jauh
mumin lalampahanana
sabulan tujuh peuting

(156) Waktuna sajalan2
taya iyuh2 hanteu aya kai
//dina taneuh teu aya jukut
Nabi rasul mariksa
ka Ki Dalili kumaha atuh
bekel urang enggeus beak
watir ku barudak leutik

(156) Ki Dalili tuluy haturan
baheula mah di payuneun cai
kuring mendak cai
wahangan cai ngaguruh
tapi duka ayeuna mah duka aya keneh banyu
tuluy kabeh pada neang
nga,jugjug wahangan cai

(157) Barang datang cai saat
ngeun masih batu tarengtong jeung keusik
ngeun masih manuk ngaguruh

dina pinggir wahangan
aya kai buwahan leubeut ngagenduk
tuluy ngarereb di dinya
masangrahan bumen2

(158) Hanteu tuluy ka Suwara
urang bejaen bae
Raja Kobti ti ditu masing ngarugrug
Kangjeng Nabi bebenah
lebah dinya jeung balad mangrebu2
geus dukeut ka Suwara
lampah tilu peuting deui

(159) Ngadago raja Suwara
dina leuweung tara disorang ku jalma
dina leuweung luwang-liwung
eusina rangkong jeung julang
gorekrek manuk ngaguruh
ari bekel geus beak
susah liwat saking

(160) Hayang nginum hayang dahar
hanaang teu manggih cai
wahangan tarengtong batu
teu aya cai sakeclak
wahangan batuna //kabeh taluhur
Kangjeng Nabi neda ka Pangeran
tuluy nyandak sahiji

(161) Kangjeng Nabi ngaos dua
Allahuma ahrijuumin hadihi

maca maalamatana inna kuulihi walaa manuutana
bigudratika ala kulli syaiin qodirun sanggeus maca dua tutup
tina batu bijil cai

(162) Mumin rabul ka wahangan
Tuluy nginum tuluy mandi
ontana pada nginum
riyab ngarala buwah
didahar buwah teu ngeunah rasana
didahar kalangkung pait

(163) Kangjeng Nabi maca dua
neda ka Allah buwah ulah pait
Allahuma ajaihadi haul ikuu
alnawa kihatana
hilawatana shoyi batana
sanggeus maca dua tutup
Abu Bakar dahar buwah
seungit alabatan kastori

(164) Lernes alabatan budah
kuderat Allah maparin amis
amis alabatan rnadu
Abu Bakar sosowak cecelukan
dahar' buwah batur
riyab ngarala buwah
maraca alhamdulillah

(165) Mumin kabeh ngala buwah
anu ngagembol anu ngakeup anu ngais
mumin kabeh pada untung

anu dibikeun ka anakna
pamakanana pada seubeuh ku buwah
maraca alhamdulillahi seger //alabatan tadi

(166) Mumin kabeh pada ngucap
pasihan Gusti Allah
berkah Nabi
amis alabatan madu
lemes alabatan budah
pada muji aya nu maca al hamdu nu maca subhanallah
kabeh tuha anom pada muji
13. Pupuh Sinom
Sanggeus tutup barang dahar
mumin kabeh cicing deui
dina saenggon2na
Kangjeng Nabi mariksa ka Dalili
kumaha ayeuna Dalili
ieu ti dieu ka ditu
lalampahan sabaraha
tepina ka Raja Kobti
Ki Dalili ngawalonan deui
ti dieu enggeus deukeut

(168) Tilu poe di jalanna
Kangjeng Nabi seug ngandika deui
ka eta persahabat
ayeuna sadaya mumin
urang dieu geus genah cicing
ieu dieu di gunung
geus pada baroga tempat
cing saha nu rek indit

nu ngabejaan ka Raja Kobti Suwara

(169) Mumin kabeh pada ngajawab
saha bae kersa gusti
kabeh ge seja ngawula
sareng maksud pribadi
tuluy matur mumin hiji
mumin nu ngaran Samaun
abdi ge sumangga pisan
bebeja ka Raja Kobti
Kangjeng Nabi ngawalon //deui
Samaun mangke heulaanan

(170) Sanggeus Kangjeng Nabi nimbalan
sumping wahayuning Yang Widi
ka payuneun Rasulullah
Malaikat Jabrail
tuluy matur Jabrail
eh Nabi Muhammad rasul
moal aya anu tahan
bebeja ka Raja Kobti
ngan Samaun anak Halid bakal kuwat

(171) Parantos Kangjeng Nabi warta
ti Malaikat Jabrail
Kangjeng Nabi lajeng miwarang
eh Samaun anak Halid
ayeuna mah geura iang
pangiring kapala tilu
ing dalem hiji kapala
baturna sarebu mumin

tapi amit heula ka indung ka Siti Huna

(172) Sanggeusing Nabi mariksa
Ki. Samaun tuluy amit
dumeh diutus ku Nabi
Ibuna ngawalon deui
eh anak ibu Samaun
ieu lampah banget pisan
baka1 rusuh liwat saking
rusuhna teh cara maurg moro domba

(173) Samaun tuluy ngajawab
kapan anak maung kuring
da kuring mah anak macan
ibuna ngawalon deui
eh Samaun poma teuing
ayeuna wasiat ibu
kudu diingetkeun pisan
mun maneh tarima bijil
ti indung ti bapa
kudu diingetkeun pisan

(174) //Hiji perkara wasiat
di jalan lamun papanggih
atawa sardadu Mekah
memeh batur maneh bijil
kajeun batur pandeuri
karana darajat agung
bakal manjing sawarega
kudus deui wasiat
lamun maneh hayang manjing sawarega

(175) Tiap jalma ruksak
diamuk ku bangsa kapir
sabab maneh di tulungan
ku nu nyien bumi langit
katilu wasiat kacida pisan

(176) Poma2 kacicla pisan
eta wasiat alamat sarusah diri
tina sabab kasaean
lamun maneh manggih cai
anggur kajeun maneh luput
ku sabab dina kuwatna
ka maneh na moal tepi
tuluy ngawalonan Samaun ka ibuna
Ibu kuring geus tarima pisan
ti indung ti bapa bijil
sareng ieu wasiat.
diraksa beurang peuting
Ki Semaun hr tingkah macan
nguhunkeun emit ka Nabi
dawuh Nabi masing gumandek ka Allah

(178) Leumpang peresaning Allah
Samaun geus indit
sarawuh baladna budal
tilu ratus tilu siki
di jalanna duwa peuting
ngorang leuweung luwang liwung
eusina rangkong jeung julang
//gorek2 manuk ricit

sanggeus lampah duwa peuting masangrahan

(179) Bangawan caina ngamperah
kabeh pada nyeuseuh samping
kabeh mandi bebersihan
kabeh pada salat duhur
pada enggeus tutup salat
mumin pada boga empat cicing
kabeh di lebah dinya
mumin pada mikir
anu dikir anu muji ka Pangeran

(180) Aya hiji mumin nanya
eh sahabat ngaran Dalili
iyeu teh teh lebah urang
ka nagara Raja Kobti
lampah sabaraha deui
Ki Dalili tuluy ngawalonan
ti diyeu ti lebah urang
sapoe sapeuting deui
Ki Samaun ngadawuh ka sadayana

(181) Kumaha sadaya urang
ari kieu pamikir
masangrahan enggeus genah
urang mondok moek meuting
cing ayeuna mumin 2
di diyeu teh tunggu duwa
kaula dek leumpang
bebeja ka Raja Kobti
mumin2 ka Samaun ngawalonan

(182) Panuhun kuring sadaya
moal teu ngiring
teu sae ari juragan angkat
panakawan hanteu ngiring
asa moal sae teuing
rasa kuring hanteu umum
Ki Samaun ngawalonan
insa Allah mumin2
ulah aya manah ka kaula

(183) Sahabat pada //haturan
kedah bae nyandak anu ngiring
lima puluh jalma
Samaun ngawalonan deui
insa Allah kajeun teuing
lima belas bae hayu
dek dibawa ku kaula
Ki Samaun tuluy indit
pangiring ngeun lima belas tumpak kuda

(184) Mumin tinggal sasalaman
ka Samaun pada indit
nyium kana dampal suku
Ki Samaun enggeus indit
leumpang turun2 kai
nyorang leuweung luwang-liwung
Ki Samaun papatahna
batur ulah leutik ati
kapan saya sudah mani angkat deui

14, Pupuh Kinanti

(185) Ki Samaun enggeus jauh
tina pasangrahan tadi
dikira lima belas poe
lalampahan satengah ari
enggeus deukeut ka Suwara
ngan kani sapeuting deui

(186) Geus kitu manggih meledug
bijil tina jero kai
ku Samaun dipikiran
wantuning tacan kaharti
naon anu meledug tea
bijil tina jero kai

(187) Ka carita nu meledug
manahoreng palajurit Raja Kobti
nu dipiwarang materol tea
bisi aya baled Nabi
ku sabab dilambar //putera
Siti Mariah ku Nabi

(188) Samaun tuluy ngawangsul
bgadawuh ka baturna mumin
ayeuna urang ngiuhan
iyeu di handapeun kai
urang eureun tumaninah
tuluy kabeh pada cicing

(189) Semaun tuluy ngadawuh

cing ayeuna batur nya cicing
kaula dek kaditu heula
sakeudeung dek diteang kana kai
neon anu meledug tea
dek diteang masing sidik

(190) Baturna tuluy ngawangsul
poma ulah ngagilincing
kudu bae nyendak rencang
ngaran Ki Murtad sing ngiring
sabab bisi kuma onam
saupanten beh palajurit

(191) Da meureun Ki Murtad nu gugup
bebeja ka mumin2
sarengna deui kumaha
saupenten beh palajurit
ku sampeyan teh dilawan
nyandek pangiring sahiji

(192) Samaun tuluy ngawangsul
kumaha saurning Nabi
aya pitulungning Allah
sarta aya berkah Nabi
Ki Samaun tuluy iyang
mawa Ki Murtad pangiring

(193) Samaun Murtad geus jauh
tumpak kuda turun kana kai
jauhna kira lima belas pal
ti nu lima belas mumin

barang tepi ka dinya
ti nu anggang katingali

(194) Tina kai tingkurunyung
manahoreng palajurit
//Murtad bet itu jelema
riab2 tina jero kai

(195) Cing Murtad tunggu2
di diyeu handapeun kai
jeung cekelen iyeu kuda
itu teh jalma palajurit
eukeur naon garawena
manteri atawa papatih

(196) Tuluy leumpang Ki Samaun
mawa pedang kancad-kincid
nyampeurkeun ka nu salaksa
Samaun kacida wani
siga nu moro uncal
nu salaksa naringali

(197) Sardadu ngagupay celuk
eh eta teh lalaki hiji
silaing teh urang mana
Samaun ngajawab wani
kuring teh keur seja nyaba
Samaun dipariksa deui

(198) Maneh budak leutik sugan tepung
jeung ba1adna Kangjeng Nabi
Samaun ngajawab handap

da kuring mah hanteu manggih
kapir nanya ngalelekan
Samaun ngajawab deui

(199) Yaktos temah sumuhun
manggih tapi hateu sidik
pajar dek nempuh nagara
ngarurug ka Raja Kobti
palajurit kabeh mariksa
ayeuna tuduhkeun aing

(200) Samaun jawab teu sanggup
narah bae mas palajurit
palajurit banget maksana
seug sia mangke ku aing
mangke sia dipodaran
hanteu nuduhkeun ka aing

(201) Pakarang sia //direbut
abong2 ia urang sisi
aing bijil ti nagara
piwarangan Raja Kobti
kabeh oge kudu perang
kudu bela ka bopati

(202) Sia pangcicing di gunung
gunung oge kagungan gusti
naha sia geura iyang neang balad Nabi
sia baha kacida pisan
misti Mekah balad Nabi

15. Pupuh Magatru

Ki Samaun ngajawab ka sardadu
monton ngomong sia anjing
karep sia dek ngarurug
dek nempuh balad Nábi
sia dek ngarebut golok

(204) Mun teu nyaho nya aing ngaran Samaun
anak Halid incu Walid
balad Kangjeng Nabi rasul
ti Madinah imah aing
ayeuna ge sia kojor

(205) Ki Samaun ka palajurit buk-bek ngamuk
palajurit ngamuk deui
dua tilu nu ngahurup
Samaun ngomong ka balad kapir
aing mah badarat lengoh

(206) Ari sia tumpak kuda bari ngamuk
pangawasa sia leutik
kapir numbak ka Samaun
ku Samaun pek ditakis
tumbak ragrag leungeun potong

(207) Kapir hiji tina kuda ragrag gebut
Samaun ngaheuneu deui
dikadek buk-bek sek jung//kung
kudana geuwat ditarik
ditumpakkan pek dironom

(208) Kapir nu salaksa kabeh guyur
Samaun ngawaca dalili
Allahuma anshor aduhu
waala kaomil kapirin
salaksa kabeh ngaronom

(209) Maca deui lahola wala quwatu
illa billahil aliyil adhim
tuluy ngawaca alhamdulillahi rabbil alamna
neda pitulung Yang Manon

(210) Nu salaksa geus caket rea ngariung
Samaun di tengah cicing
kapir ngomong ka Samaun
eling2 maneh budak leutik
sia ayeuna kojor

(211) Kuda batur aing ku sia direbut
jeung maehan batur aing
sia ayeuna ka kepung
kamana sia nya bijil
ku aing pada ngaronom

(212) Jeung kumaha sia dek ngarah rahayu
tatapi aing teh watir
sabab sia budak lembut
Samaun ngajawab wani
eh sia ge bakal kojor

(213) Eta karep sia ka aing wawadul

pada nyinsieunan ka aing
aing teu gimir sarembut
demi Pangeran kang asih
sia ge moal kahot

(214) Mun teu nyaho sia teh bakal ajur
raja sia dek dibasmi
anakna bakal direbut
dek dikawinkan ka Nabi
//bandana bakal diboyong

(215) Rejeung deui mun dipareng ku Nu Agung
di nagara Raja Kobti
awewe garintul wungkul
teu aya nu boga salaki sabab
sia kabeh kojor

(216) Sardadu pukpok siligaok jeung batur
haha ditanggap teuing
tayoh eta budak lembut tangkurakna cacag sik2
salaksa pada ngaronom

(217) Buk-bek ngamuk salaksa pagulung2
Samaun ngawaca dikir
Samaun geus hanteu katembong

(218) Ki Samaun ku Si kapir buk-bek diamuk
buk-bek sek mati
ngamuk deui Ki Samaun ti waktu subuh
tepi kana waktu maghrib
buk-bek tilu rebu kojor

Mumin nu lima belas tunggu2
ngadago handapeun kai.
Samaun keur buk-bek ngamuk
ku Ki Murtad katingali
Samaun perang dironom

(220) Murtad maca lahola quwata
illa billahil aliyil adhim
Ki Murtad tuluy sumaur
aduh aing hina teuing
euweuh ganjaran Yang manon

(221) Sebab perang sabil hanteu milu
iyeu cekelan kadali
sabab kuda bisi mangperung
kuda teh ngageuwat muyi
ngadenge Ki. Murtad ngomong

(222) Kuda ngomong kersa Allah anu Agung
eh Ki Murtad cegah diri
amung ganyaran alus
henteu milu perang sabil
Ki Murtad nalangsa ngomong

(223) //Huwayuwa dijurukeun ku indung
nyana pikiyeueun aing
kakara saumur hirup
kuda bisa ngeling2
ka sing mere bo2long

(224) Murtad lumpat kuda ditinggalkeun jauh

neang anu lima belas mumin
barang datang Murtad gugup
harayu geuwat indit
Samaun perang dironom

(225) Nu lima belas mumin batur Ki Samaun
tuluy dikir kabeh ngaos

(226) Pek ngomong ngawaca 1ahola wala quwata
illa billahil aliyil adhim
bari lumpat uh-eh nyaur
itu golokna sidik
Raden Samaun katembong

(227) Beuki gancang muru ka Raden Samaun
keur dironom ku palajurit
hayu urang tu1ung
barang ekeur ngomong mumin
teu kanyahoan jol ngaronom

(228) Balo lampar nulurigan ka Raden Samaun
anu lima belas mumin
ku duwalaksa kakepung
dua laksa beberengos

(229) Tingburinyay pedang kapir buk-bek ngamuk
mumin eukeur raheut diri
Si kapir pating lalonjor

(230) Murtad ngejat ka sisi ban nyalindung
seug tuluy mikir

dawuh batur aing ajur
Ki Murtad nge,jat deui
ka Samaun ngagorowok

(231) //Murtad lumpat sa2mbat ka Raden Samaun
dawuh panteng nabi
celuk ka Raden Samaun
si kapir ngamuk mumin
bedilna geus dur-dor
16. Pupuh Durma

(232) Barang lumpat Ki Murtad dek nguninga
teu kanyahoan jol ti gigir
kapir lima belas
buk-bek ngamuk ka Ki murtad
Ki Murtad ngageuwat muji Alhamdulillah
teh aing nu meunang waris

(233) Ki Murtad ngamuk ka nu lima belas
jo1 suk-sek mati.
supaya teu aya nu mahi jopak melodar
Ki Murtad lumpat deui

(234) Eukeur lumpat datang deui ka Ki Murtad
dua ratus palajurit
ngaronom ka Ki Murtad
lir laleur dma babatang
buk-bek diamuk deui
jopak sawidak
suk-sek teu aya nu mahi

(235) Tatapina Ki Murtad raheut awakna
ku pakarang Si kapir
tatu mani duwa belas
balad kapir gugundukkan
anu saluwuk Si kapir
ngamuk ka Ki Murtad
ari anu saluwuk deui

(236) Eukeur ngamuk ka Ki Samaun salaksa
ari anu saluwuk deui ngamuk ka nu lima belas
eukeur ngamuk Ki Samaun pangamukna
buk-bek hanteu mahi
dicacar bolang
buk-bek sek //beresih

(237) Ki Samaun katingali Ki Murtad
narajang deui nulungan Ki Murtad
dumeh ibuna wasiat
Samaun banget elingna kana wasiat
ditarajang suk-sek mati

(238) Nu saparo mati nu saparo ngejat
Ku Ki Murtad katingali
Samaun mariksa
mana Murtad batur urang
naha Murtad teu kumaha silaing
hanteu bebeja
ka batur urang mumin

(239) Murtad tuluy haturan ka Ki Samaun
bebeja pisan kuring

ka nu lima belas
pada lumpat tarik muru gamparan
teu kanyahoan jol ti gigir

(240) Datang kapir loba buk-bek medang
tuluy ayeuna diamuk deui
ku sahabat urang
kuring ngageuwat ngejat
kuring rek nguninga deui
muru gamparan kuring lumpat deui

(241) Eukeur lumpat teu kanyahoan
datang deui ti gigir
mani lima belas
kabeh buk-bek medang
pek diamuk ku kuring
tuluy anu lima belas dipodaran ku kuring

(242) Sanggeus carem kapir anu lima bejas
pek kuring lumpat deui
dek muru gamparan
datan deui kapir loba
dua ratus palajurit
tuluy dilawan
meunang sawidek nu mati

(243) Tatapi awak kuring tatu dua belas
lawan kuring tingbiribit
//amperok ka baturna
tayoh ngamuk batur urang
wantuning hanteu sidik pagaliwuta

Samaun mariksa deui

(244) Nye dimana batur urang anu lima belas
Ki Murtad ngewalon deui
tayoh eukeur perang
bowa itu anu riab
Samaun narajang deui
sejana nulungan ka nu lima belas mumin

(245) Anu lima belas kasampak ekeur perang
ku Samaun buk-bek deui
buk-bek dicacar bolang
diamuk buk-bek sek jopak
datang deui bek sek mati

(246) Geus tarembong mumin anu lima belas
maca alhamdulillahi
kaliwat saking bungahna Si kapir pating jarungkel beak
tuluy sa2mbat mumin
go2rowokan
teangan batur mumin

(247) Mana putera Raden Halid teh
ayeuna putu Walid
Raden Samaun ngaranna
iyeu kuring urang Mekah
Samaun hanteu pisan nembalan
keur buk-bek perang
tepi kana waktu maghrib

(248) Balad kapir sawareh suk-sek malodar

anu sawareh leungit
pada paburisat lumpat
anu ngulon anu ngaler anu ngetan
mumin kabeh pada balik
ka pasangrahan
pada salamet diri

(249) Balad kapir sawareh ka pasangrahan
ambekna kali//wat saking
tuluy lapor gagancangan
nguninga ka nagarana
menta ditambah deui
ka nu gagah perkosa
ambekna mucung budi

17. pupuh Pucung

(250) Astahiyam saurang lapor ka ratu
tuluy indit ka nagera
Raja Kobti keur di gedong
Raja Kobti meriksa ka hiji jalma

(251) Pihaturna ka payuneun ratu
ayeuna sardadu gamparan
sawareh geus suk-sek paeh
diperangan ku balad Mekah Madinah

(252) Bangsa mumin budak leutik hiji ngamuk
beak manglaksa2
sardadu garnparan kabeh
hanteu tahan ngalawan budak saurang

(253) Raja Kobti nyaur
raden patih ngaran Saad
nu mashur nalipak nyabok
raden patih tuluy ngadeuheusan

(254) Raja Kobti ka Patih Saad ngadawuh
patih maneh geura iyang
geuwat ku misi ku maneh
sing sadiya sakaiyan maneh dangdan

(255) Lamun enya balad Nabi enggeus jebul
ku manehna kudu dilawan
tangkep bae eta kabeh
mawa batur tumpak kuda duwa laksa

(256) Anu leumpang badarat mewa lima rebu tuluy bae iyang
leugeudeut baturna //kabeh sapeupeuting caang bulan opat belas

(257) Ka carita anu geus datang ka gunung
kana pasangrahan
leugeudeut jeung balad kabeh
nu di gunung pada mapag ka juragan

(258) Geus tete1a murudul yen sidik batur
pek pada haturan
dumeh geus tetela kabeh
teu aya hiji jalma anu kasamaran
16. Pupuh Asmarandana

(259) Ayeuna juragan patih

mumin teh keur masangrahan
raden patih hoak ngajawab
ayeuna mumin geus sidik
sukur karana dewek teh ayeuna kudu nambalung
jeung iyeubatur sàlaksa

(260) Ti dinya burudul indit
ngaleut ngeungkeuy su2rakan
sawareh nu tumpak kuda
parabot perang sadiya
enggeus teu aya ka kurang
nu badarat lima ribu pangiring Raja Suwara

(261) Ngajaga ka balad Nabi
jadi kami teu kaduga
dek mulang ka nagara teh
sieun dibuang ku raja lamun teu acan perang mah
sabab dipaparinan batur
palajurit balad sadiya

(262) Tatapi kabeh palajurit
sing hayang nitah heula
tapi opat puluh bae
ayeuna jig leumpang teang
balad Nabi Muhammad
opat puluh indit api2 nyumput
hees atawa ngajaga

(263) Caang bulan sapeupeuting
//dek ngintip balad ti Mekah
keur masangrahan sadaya

Astahiyam gagancangan keur masangrahan di gunug
opat puluh enggeus datang

(264) Geus tepi ka tempat mumin
katembong ngajaraga
padahal hees bae kabeh
anu nyaring ngeun saurang
kasampak keur maca qur’an
ngeun Samaun anu ngajentul
keur dikir jeung maca qur’an

(265) Katenjo ku nu ngintip
Samaun nyaring sorangan
panyana hees kabeh
tuluy kabeh pada mulang
ka patih dek haturan
Ki Samaun tuluy nyusul
ka nu opat puluh tea

(266) Tepi ka jalan kapanggih
Samaun tepung Rustata
ngan geus buk-bek bae jol sapuluh bek sek jopak
datang lima bek sek mati
sardadu meunang tilu puluh
tinggal sapuluh berlumpat

(267) Samaun tuluy balik
kana pasangrahanana
baturna sarare kabeh
nu nyaring ngeun tinggal mumin Saad
Ki samaun keur di luar

Saad nanya ka Sameun
saha eta nu di luar
(268) Ki Sameun hanteu muni
ka saad hanteu nernbalan
Ki Saad indit ngagorowok
nyokot pedang nyokot kuda
baturna kabeh harudang
Ki Saad seja dek ngamuk
marukan balad //Suwara

(269) Ki Sameun ngageuwat muni
kaula Samaun tea
poma ulah gugup kabeh
kaula pulang ngising ti jaman
si kapir nu kacarita
anu tinggal sapuluh
ka patih seja haturan

(270) Geus tepi ka tempat raden patih
nu sapuluh cacarita juragan patih biyeu teh
mumin teh sare kabeh
enggeus sidik tuluy mulang
kuruduk aya nu nyusul
ngamuk buk-bek cacar bolang

(271) Tilu puluh batur mati
kuring sepuluh nu tinggal
kuring pada ngejat kabeh
dek nguninga ka gamparan
raden patih tuluy ngajawab
eta jalma anu sapuluh

ayeuna geura peehan

(272) Harita kabeh dipeuncit
hareupeun balad nu loba
supaya narenjo kabeh
ulah buber tina perang
Patih Saad ambek kacida
jiga kaya nya kitu
misti bunuh nanti diyah

19. Pupuh Kinanti

(273) Ki Patih Saad ngadawuh
kabeh ulah leutik .ati
sing ayeuna saksian
lamun mundur ku si mumin
muga2 aing sing doraka
dipatekong ku gusti aing

(274) Geus beurang waktu //subuh
Saad petih jeung palajurit
tilu laksa geus sadiya
diteundeun heulaeun patih
diheuleutan ku bandera
pandeuri pelajurit

(275) Turutut sowara tambur
suwit melas-melis suling
budal tina pasangrahan
tarompet campur jeung tanji
turut alas bandawasa

ngarurug ka balad Nabi

(276) Bandera beureum ngempur
gegeduna raden patih
geus karungu ku sahabat
Samaun ngageuwat bijil
indit tina pasangrahan
jeung baturna mumin2

(277) Barang mumin keur narangtung
duwa laksa jol ti gigir
pada ngamuk buk-bek medang
mumin kabeh pada dikir
lahola wala quwata
illa billahil aliyil adhim

(178) Ki Samaun tuluy ngamuk
ti subuh tepi ka maghrib
medang kapir duwa laksa
buk-bek teu ngurus dipilih
buk-bek sek tingjaropak
nu sawareh suk-sek mati

(279) Sawareh ngageuwat mundur
nyampeurkeun ka raden patih
patih masih keneh anggang
bawaning ku loba palajurit
ditinggal sahabat
batur Ki Samaun amit

(280) Ayeuna Raden Samaun

kuring mendak aya idin
/ /dek eureun ka pasengrahan
sabab iyeu tata diri
dek dirasa2 heula
bari hayang nginum heula cai

(281) Samaun ngageuwat ngawangsul
hade pisan maneh mumin
dek eureun ka pasangrahan
Samaun di tegal cicing
mumin teh ka pasangrahan
sabab iyeu ampir maghrib

(282) Barang eukeur kitu
ngaleugeudeut raden patih
tambur tarompet disada
raden patih leuwih ginding
banget pangabaranana
jiga po2tongan gusti

(263) Uh-eh eta ka batur
Samaun ngageuwat indit
tuh nu mawa bandera
Ki Samaun teh nya aing
balad, Kangjeng Nabi tea
anak Halid incu Walid

(264) Nya sing nu bakal nernpuh
ka nagara Raja Kobti
awewe bakal ku sabab beak lalaki
ku sing kabeh diruksak

diboyong kabeh beresih

(285) Baled patih maju ngamuk
Samaun teh anak Halid
kabeh pada buk-bek medang
Ki Samaun buk-bek deui
ngamuk kapir suk-sek mati
tujuh rebu palajurit beresih

(286) Sawareh sardadu mundur
ka tukangeun raden patih
di tukang manglaksa2
raden patih ambek leuwih
ku Samaun sok narajang
dipapag ku tumbak ngaguling

(287) Raden patih geus ngajungkung
ku Samaun jos ditiir
ditumbak lebah tonggongna
kana beuteungna parat ditiir
palajurit sapirang2
kabeh pada naringali

(288) Diapun2'.ka luhur
Samaun ngomong tarik
iyeu teh gegedug sia
kapir kabeh naringali
bungbeng kabeh paburisat lumpat
turut2 leuweung kai

(289) Pada lumpat tina gunung

bubar kabeh palajurit
lumpat muru ka nagara
nguninga ka Raja Kobti
barang tepi ka nagara
sa2mbat gumusti2

(290) ayeuna kangjeng parebu
sardadu sawareh patingbiribit
datang dipapag ku tumbak
buk-bek diamuk ku mumin
malah2 abdi gamparen
raden patih geus ngaguling

(291) Sumawona sardadu
cacakan raden patih
padahal mashur pamukna
di amuk buk-bek sek mati
kocap raja amarahna
panasna kaliwat saking

(292) Lamun petana mah kitu
mangsana kudu jeung aing
karana lamun ditimbang
Mekah jeung nagara aing
Suwara kayu sagara
Mekah lir cai sacanting

(293) Raja Kobti langkung bendu
baladna dikerid peuti
satung//keb nagara Suwara
ngariyung balad dipilih

kabeh hempak ngadeuheusan
ti hareup ti pungkureun gusti
20. Pupuh Pankur

(294) Raja Kobti make balad
keur milihan nu kumisna ngajejedig
nu gadona ngajejemrung
anu buluwan dadana
beberengos nu kuwat ngadupak gunung
anu teu aya kakilana anu resep mandi getih

(295) Malah urang oge
jenengan anu kumisan ngajejemrung
eta oge ku kangjeng raja
kapanggih basa di laut kidul
basa eukeur ngabalingger
ngala impun di basisir

(296) Malah jeung lampahna
dina saung luhur gunung
saung ngeun sorangan
bulu irung nyerebung
tuluy disaur ku raja
maneh teh kapaksa misti

(297) Kacarios aya duwa deui palajurit
adina sareng lanceukna
kakocapkeun gagah mashur
kampak dijing2
nyoren pedang manggul tumbak
parabot perang sadiya

nyampaeurkeun ka palajurit

(298) Palajurit beunang milihan
pek dijumlah aya tujuh keti
di Suwara geus ngaliyud
kabeh balad geus sadiya
tujuh keti pada tumpak kuda wungkul
mawa pedang mawa bedil
make //topi baju gideril

(299) Tujuh keti nu geus rupa
tambah daeui palajurit beunang milih
salaksa jeung duwa rebu
kabeh pada tumpak kuda wungkul
dicirian yen nandakeun perjurit pamuk
nu sarebu duwa laksa
topina make kukucir

(300) Tambah deui anu pandeuri
datang palajurit beunang milih
Siti Mariyah geus milu dicandak ku ramana
pek diaping ku salaksa duwa rebu
Siti Mariyah tumpak kuda di aing ku pelajurit

(301) Kocap tatabeuhanana
warna lima rebu perkawis
panji renteng reujeung tambur
salendero jeung kendang penca
dog2 tarompek jeung angkelung
suling hatong calung rebab
tarawangsa

jeung kacapi

(302) Tambah bangsing jeung terebang
jaba ti nya lobs deui
warna aya lima rebu
kakocap parabot perang
panah bedil sumpit tumbak suduk ngaberul
keris kalak reujeung pedang
pepenterung linggis suligi

(303) Balab nagara Suwara
hanteu pisan aya anu gimir
kawilang lamun dek mundur
aya kabeh pakarangna
datang suduk meureun dilawan ku //sduk
datang panah dilewan panah
datang bedil dilawan bedil

(304) Datang tumbak dilawan tumbak
datang keris dilawan ku keris
kaIak dilawan pepenterung
datang sumpit nyampak diurang tuluk
mun pedang dilawan pedang
jol bandering dilawan bandering

(305) Mun golok pakarangna
meureun dilawan ku golok deui
naon bae anu jebul
geus moal kurang
geus dicangking ku sardadu
kabeh geus pada nyekelan

dibagi ku Raja Kobti

(306) Raja Kobti geus celak kana kuda
tambah deui anu badarat ngaboyong Raja Kobti
tujuh rebu anu gegedug
palajurit kapetengan
bandera jumlah aya genep rebu
kocap mimiti rek iyang
nyeugeut mariyem sakali

(307) Banderana genep
rebu dipasang nanjeur ka luhur
nandakeun yen ngajak perang
bandera beureum ngalewir
kocapkeun tatabeuhanana
sejen2 sorana masing2
bereleng sora tambur
teretet tarompetna
melis-melis sora suling

(308) Pating nulutnut-nilitnit tadeuhan disada salenderona
dur ngik pok sara tanji
terang tering terung sora calung
ngaguruh lir sore //curug
jeung dog2na
nyurulung sore ankelung
nguk pok rebab tarewengsa
jenut jentereng sora kacapi.

(309) Berang bering berung sora terebang
tambah sora hatong tarik

jeung kekeperok sengok nu tembarig melung
mangkat kana pasangrahan
ngaleugeudeut ngeungkleung ngaberul
campur jeung tatabeuhan jadi hiji ngaguruh lir sora curug
enggeus eundeur sanagara
riab kabeh ngaleugeudeut ngaberul palajurit mangyuta2
geus cara siraru jadi

(310) Geus mayak di pasangrahan
mumin2 kabeh nanirigali
mumin kumpul jeung batur
mumin pada sadiya dangdan
baturna ngan tilu rebu
sewareh raheut awakna
aya anu lebah birit

(311) Aye anu dina sukuna
Gusti Allah nimbalan deui
nya eta miwarangan turun
ka Malaikat Jabrail
ngbejaan ka2sih Yang Agung
nya eta Nabi Muhammad malaikat gesik bijil

21. Pupuh Miji1

(312) Melaikat Jabrail. sumping
tusan Yang Manon
ka payuneun Nabi geus jol bae
pangandika Jabrail
he Nabi// sinelir
timbalan Yang Agung

(313) Ngawartoskeun balad kapir
di gunung ngagonyok
ti nagera geus budal kabeh
geus deukeut ka mumin
dek ngagempur mumin
bade pereng campuh

(314) Baled Nabi geus pada wani
anu iyang bereto
ayeuna geus mangsana bae
dek indit ngalewan kapir
mumin ceringciri di. pasangrahan di gunung

(315) Baled kapir dalapan keti
jeung tilu laksa geus riab
dek ngegempur mumin
ari baled Kangjeng Nabi
ngan saeutik
aya tilu rebu

(316) Sanggeus Nabi ngadangu warti
mumin kabeh peda jogo
ban ngiyangkeun sahabat kabeh
pade indit tengh peuting
murnin kabeh pada indit
jumlah aya tujuh rebu

(317) Raden Said kapala mumin
sahabat kekentong
jeung Raden Saad anak Ki Juber

malah Siti Huna indit
bareng jeung palajurit
dek muru Samaun

(318) Di jalanna meunang tilu peuting
kacarita geus jol
nu heula kasampak kabeh
pada sa2laman mumin
anu rebu tadi
tepung jeung anu rebu

(319) Pada maca alhammdulillahi
geus pada ngaguruh
mumin gunem catur kabeh
pitulung rabul alamin
eta mumin tambah deui batur

(320) Raja Kobti ngadayeng //mumin
balad2 geus jogo
Raja Kobti ambek gede
tatabeuhan beuki tarik
ditabeuh ku palajurit
kabeh ngaguruh

(321) Mumin kabeh pada caringcin
der nabeuh tanjidor
parabot perang ditabeuh kabeh
suwit melas-melis suling
tatabeuhan tarik
pacampur jeung tambur

(322) Gusti Allah nimbalan deui
miwarangan nongton
he abdi Aing malaikat kabeh
maneh kudu bijil
turun ti langit
cig geura turun

(323) Malaikat turun ti langit
kabeh pada nongton
di bumi geus pinuh kabeh
geus cara siki sesawi
leuwih yuta keti
reuteum dina gunung

(32L) Mumin pada caringcin
geus pada tarembong
banderana ngalewir kabeh
tatabeuhan beuki tarik
enggeus pada barani
perangna geus dek dur
22. Pupuh Durma

(325) Ki Samaun papatahna ka baladna
demi Allah kang asih
jeung demi Muhammad ulah waka perang
cing kaula heula taksir
arek ngasupan
dek ngamuk ka Si kapir

(326) Mun kaula geus lumpat atawa paeh
kakara kabeh arindit

maju kana perang
Ki Samaun tuluy dangdan
narajang ka ba1ad kapir
saur ibuna
bari ngahalangan ti gigir

(327) Pek ibuna ngawurukan
Samauri anak aing
itu kapir loba mangyuta2
dek ngaruru mumin
ku maneh lawan sorangan
lawan masing barani

(328) Karana perang teh ibarat nyawa
di aherat kapanggih
maneh lamun perang
eta wasiatna ibuna
ku Samaun dipikir
diingetkeun pisan
Samaun leuwih gumati

(329) Ki Samaun ngageuwet turun tina kuda
salaman neda idin
kana panarigan ibuna
dampal sampeanana
sanggeus sa2laman tuluy narajang seberet pedangna di tarik

(330) Ki Samaun leuwih banget pangamukna
Samaun leuwih barani
balad dicacar bolang
Samaun teu ngurus tata

datang tujuh bek sek mati
datang dalapan buk-bek sek mati

(331) Datang deui saratus buk-bek sek jopak
datang deui bek sek mati.
Si kapir pangamukna
pedangna pating burinyay
Samaun diamuk kapir
buk-bek pedangna campuh dur-dor bedil

(332) Ba1ad Suwara pirang2 anu ngajopak
nu ngaonjor laksa keti
datang ki sahabat ngamuk kapir narajang
buk-bek sek kapir marati
manglaksa2 Ki Samaun buk-bek geus //ruksak awakna
teu aya kulitna dagingna kabeh ragragan
ngan tulangna anu kari
balad kapir mangyuta2 keti

(333) Ki Samaun barang geus ruksak awakna
buk-bek dipaju deui
kapir buk-bek medang
Ki Samaun geus lat2an
poho kana beurang peuting
ku sabab ruksak
Si kapir ambekna liwat saking

(334) Gusti Allah miwarangan malaikat
he Jabrail geura indit
ka Nabi Muhammad
bejakeun ka Nabi baladna

malaikat gancang indit
ngageuwat iyang ngadeuheus ka Nabi

(335) Malaikat haturan ka rasulullah
he kameumeut Yang Widi
sahabat sampean
keur banget perang
tatapi walagri
ngeun samaun nyaeta nu budak leutik

(336) Ki Samaun anak Halid anu ruksak
keur diamuk kapir
dagingna ragragan
poho kana beurang peuting
eta hanteu inget pisan
sabab ruksak ayeuna ki Halid

(337) Gusti rasul indit sapada harta
Jeung kabeh baturna mumin
sahabat budal turut2 leuweung alas
di jalanna tilu peuting
kocap geus datang
Kangjeng Nabi nyandak Ki Halid

(338) Kangjeng Nabi geus tepung jeung Siti Huna
pangandika Kangjeng Nabi
kamana ja1an iyeu urang
heurin kacida pisan
malaikat heurin usik
pada nyaksian
ges cara siki sesawi

(339) Geus katingan ku Nabi balad Suwara
riab laksa keti
ngamuk ka sahabat
Ki Samaun geura palangsiang enggeus mati
hanteu katara ngeun mumin anu sidik

(340) Kangjeng Nabi dipuncak gunung linggihna
jeung Siti Huna jeung Ki Halid
usik oge susah
heurin ku malaikat
Ki Halid matur ka Nabi
he rasulullah moal kalah anak kuring

(341) Lamun masih keneh ayana mah
Kangjeng Nabi mariksa deui
naon alamatna lamun Ki Samaun kalah
Ki Halid ngawangsulan deui
sumengga sarengenge tingali

(342) Lamun surem tangtu anak kuring kalah
sarengna Kangjeng Nabi
sareng kadaharanana
tah geuning di Siti Huna
kocap Siti Huna sakti
sanggeus Ki Halid ngalahir

(343) Siti Huna tuluy ngadua
Allahuma innaka musa dihil anta qodirun anta
ala kulli syaein qodir
ku uti dimanah doa ibuna

Ki Samaun waras deui

(344) Ngamuk deui Ki Samaun sanggeus waras
buk-bek hanteu dipilih
jol saratus datang ku Samaun bek dipedang
suk-sek anu mati
jol deui datang
diamuk suk-sek deui

(345) Balad kapir tingjarungkung tingjaropak
malodar mangyuta keti
enggeus hanteu tahan
ngalawan perang pelajurit
lalumpat bungbeng kana kuta beusi

(34) Nu ngaaga Siti Mariyah gus beak
diamuk peda mati kabeh
Nyi Mariyah beunang ku Semaun geus dibawa
pek disanggakeun ka Nabi.
sarehna beunang
mumin teu aya nu mati

(347) Anu asup kana kuta beusi
jumlah aya saketi
malah jeung ratuna teu tahan ngalawan perang
dina kuta hurin usik
ku lobana balad
tuha anom anu naringali
23. Pu Sinom

(348) Ki Samaun eureun perang

kaoir
nu sawareh beak mati
nu mati mangketi2
ari nu sawareh teluk ka Kangjeng Nabi
geus gempungan jeung mumin2
Abu Bakar Umar Usman Ali sadaya

(349) Halib Rasulullah jeung Ki Saad
jeung putera Ki Saad
jeung
jeung Saad budak Ki Malik ss
jeung aya deui
jumlah salawe nu pamuk
ber ngepung Suwara
Samaun matur ka Nabi
iyeu abdi nyanggakeun Siti Mariyah
……
………..